

Rete nan Chalè Rete Ansekirite



Sonje sekirite anpremye lè w pral chofe kay ou nan ivè sa a !

Chofaj se 2zyèm lakòz dife nan kay nan Massachusetts, lakòz plis pase 6.692 dife nan 5 dènye lane yo. Sèvi avèk prekosyon e reponsablite ak sistèm chofaj kay la ansanm ak chofaj pòtab yo. Se fason sa pou...Rete nan Chalè – Rete Ansekirite

Pran tout prekosyon debaz konsènan sekirite pou dife

- Asire w ke genyen alam pou lafimen nan chak nivo ikonpri youn deyò chanm kote moun dòmi.
- Teste alam lafimen ak gaz kabonik yo chak mwa epi chanje batri yo 2 fwa chak lane, anmenm tan w ap chanje lè pandil yo.
- Fè esè pou sove de dife avèk yon plan pou chape kò nou.
- Pratike sekirite kont dife nan kay epi bay timoun yo bon ekzanp.

Fè atansyon lè w ap sèvi ak chemine ak recho enèji solid

Si w chofe kay ou ak *enèji solid* ke w boule (chabon, bwa dife, brikèt), fè atansyon anvan, pandan epi apre lè w ap sèvi ak kalite enèji sa yo.

- Fè yon pwofesyonèl netwaye chemine a chak ane.
- Asire w ke recho chofaj la apwouve pa ajans tèst nasyonal tankou Underwriter's Laboratory » (UL).
- Jwenn yon pèmi konstriksyon anvan w enstale yon recho chofaj.
- Kenbe nenpòt bagay ki kab boule omwens 3 pye pi lwen.
- Jete sann yo nan yon kontenè an **metal**, avèk yon kouvèti, lwen kay la, garaj la oswa galri antre kay la (porch).

Chofaj Pòtab Bezwen Espas

Dife ki fèt akòz chofaj pòtab yo ra, men yo souvan mòtèl. Si w gen pou sèvi ak yon chofaj pòtab, fè l avèk anpil prekosyon.

- Pa sèvi ak chofaj pòtab kòm sous prensipal chofaj ou.
- Kenbe nenpòt bagay ki kab boule omwens 3 pye pi lwen.
- Sèvi sèlman ak ralonj fil elektrik gwo kalib (heavy-duty).
- Toujou etenn li lè w pral dòmi oswa lè w ap sòti de kay la.
- Chofaj pòtab ak kerozenn ilegal pou itilizasyon nan kay nan Massachusetts.



Department of Fire Services
www.mass.gov/dfs • (978) 567-3380

Fè mentyen ekipman gaz natirèl yo

Gaz Natirèl se yon fason ansekirite ak efikas pou kwit manje, chofe kay ak dlo cho.

- Fè yon pwofesyonèl tcheke recho chofaj ak dlo chak ane.
- Pa sèvi ni estoke gazolin oswa founiti pou penti andedan kote yo kab pran dife akòz limyè pilòt la.

Fwit gaz gen dwa danjere – si w santi yon bagay tankou ze pouri oswa ou panse ke gen dwa gen yon fwit,

- Sòti deyò.
- Pa fimen ni limen oswa etenn okenn bouton elektrik – zetensèl gen dwa fè eksplozyon.
- Rele 911 imedyatman.

Fè mentyen ekipman chofaj ak lwil

Chofaj kay ak lwil se yon fason tou ki efikas ak ansekirite.

- Fè yon pwofesyonèl tcheke recho chofaj la e netwaye l chak ane.
- Pa kite tank la rive pi ba pase yon-ka.
- Fè yon sèvis nan recho chofaj ak lwil la si l ap fè lafimen oswa sann nwa (laswi).

Gaz kabonik: yon asasen an silans

Ekipman chofaj se pi gwo sous gaz kabonik (CO) nan kay.

- Enstale alam pou gaz kabonik nan tout nivo nan kay la.
- Pa sèvi ak fou gaz oswa recho kizin pou chofe kay la.
- Fè yon pwofesyonèl tcheke recho chofaj ak chemine kay la chak ane.
- Kenbe vantilatè ak tiyo echapman aparèy kay yo klè, san lanèj ni branch bwa.

Asistans pou enèji

Pou enfòmasyon sou asistans pou enèji, tanpri rele HEATLINE nan 1-800-632-8175 (oswa pou Boston sèlman 617-357-6012) oswa sou Entènèt nan www.mass.gov/dhcd.

Pou plis enfòmasyon ale nan:
www.mass.gov/KeepWarmKeepSafe



Department of Fire Services
www.mass.gov/dfs • (978) 567-3380